

# Jidisyè Nyoudjèze

## Pwosedi Lòd Entèdiksyon Tanporè



Gade nan “CN 12968 - What is Domestic Violence?” si w bezwen èd pou w konen si w kalifye pou yon lòd entèdiksyon pou vyalans domestik.

## **Kijan pou yon Moun Fè yon Demann pou Lòd Entèdiksyon nan Komisarya Polis Lokal la?**

Ofisyè polis la ap fè entèvyou ak moun ki fè demann lan epi ranpli plent sivil pou vyolans domestik pou jwenn yon lòd entèdiksyon. Moun ki fè demann lan, yo rele l plenyan nan dosye a. Akize a se moun yo pretann ki komèt zak vyolans domestik la. Ofisyè polis la pral kontakte yon jij nan tribal minisipal la pou yon odyans nan telefòn, ki anrejestre. Jij la pral poze plenyan an kesyon sou zak vyolans domestik aktyèl ak anvan yo. Plenyan an dwe fè jij la konnen si akize gen aksè ak zam afe. Jij la pral rann yon desizyon kote l ap swa aksepte oswa refize demann pou yon lòd entèdiksyon an. Odyans sa ap dewoule san prezans akize a.

## **Kisa K ap Pase Aprè Jij Tribunal Minisipal la Pran yon Desizyon?**

Si jij la **aksepte** demann lan, jij la ap siyen yon lòd entèdiksyon tanporè (TRO). Plenyan an ap resevwa yon kopi lòd la ak dat pou dènye odyans lòd entèdiksyon (FRO) an, ki ap fèt nan 10 jou. Komisarya polis lokal la ap enfòme akize a de TRO a ak dat pou odyans FRO a. Plenyan an ak akize a dwe konparèt nan jou ki pwograme pou dènye odyans lan.

Si jij la **refize** demann pou lòd entèdiksyon an, li posib pou w mande pou yon jij Tribunal Siperyè reegzamine refi Lòd Entèdiksyon Tanporè (TRO) a. Jij Tribunal Siperyè a ap mennen yon odyans nan telefòn epi deside akòde oswa refize demann TRO a. Si jij la refize demann pou TRO a, li posib pou depoze yon rekou dapèl kont refi sa devan Divizyon Dapèl la

## **Kijan pou yon Moun Fè yon Demann pou Lòd Entèdiksyon nan Tribunal Siperyè a?**

Yon manm nan pèsonèl seksyon fanmi ki responsab pou vyolans domestik ap fè entèvyou ak plenyan an epi poze kesyon espesifik sou ensidan ki mennen li devan tribal la ak sou ensidan vyolans domestik anvan sa yo. Aprè entèvyou a, ap gen yon odyans avèk yon ajan odyans oswa yon jij. Odyans sa ap dewoule san prezans akize a. Plenyan an dwe fè jij la konnen si akize gen aksè ak zam afe

Si jij la aksepte demann lan, jij la ap siyen yon lòd entèdiksyon tanporè (TRO). Plenyan an ap resevwa yon kopi lòd la ak dat pou dènye odyans lòd entèdiksyon (FRO) an, ki ap fèt nan 10 jou. Komisarya polis lokal la ap enfòme akize a de TRO a ak dat pou odyans FRO a. Plenyan an ak akize a dwe konparèt nan jou ki pwograme pou dènye odyans lan.

Si ajan odyans ki responsab pou vyolans domestik la mennen odyans lan epi li pa rekòmande TRO a, plenyan an kapab fè demann pou yon jij nan Tribunal Siperyè tande ka a nan menm jou a. Si jij la refize demann pou TRO a, li posib pou depoze yon rekou dapèl kont refi sa devan Divizyon Dapèl la.

## **Èske yon TRO kapab Modifye?**

Demann TRO a kapab modifye anvan dènye odyans lòd entèdiksyon an. Si plenyan an swete modifye demann lan pou youn nan rezon sa yo, yo kapab ranpli fòmilè obligatwa yo epi okenn nouvo odyans pa nesesè:

- Ajoute plis enfòmasyon konsènan ensidan an ki kapab mennen plenyan an fè yon demann pou lòd entèdiksyon.
- Akize a vyole lòd entèdiksyon an ak/oswa fè lòt zak vyolans domestik epi plenyan vle ajoute nouvo zak sa yo nan plent lan.
- Ajoute enfòmasyon sou zak vyolans domestik nan lepase ant plenyan an ak akize a ki pa t sou premye plent lan.
- Ajoute non timoun plenyan an ak akize a genyen ansanm e ki pa t nan premye plent pou vyolans domestik ki te depoze nan kad dosye sa.

Si plenyan an swete modife a demann lan ak/oswa TRO a pou lòt rezon anplis sa ki mansyone pi wo yo, tankou chèche rekou adisyonèl pou vizit oswa sipò finansye, rele biwo seksyon fanmi nan konte kote yo te emèt lòd entèdiksyon an pou jwenn enstriksyon adisyonèl yo.

### **Kisa Akize a Fè Yon Fwa li Resevwa yon TRO?**

Yon fwa yon Tribunal Siperyè oswa yon jij tribal Minisipal aksepte yon TRO, y ap pwograme yon dènye odyans pou lòd entèdiksyon an. Dat odyans lan ap sou lòd la. Akize a **dwe** asiste odyans tribal la. Akize a gen dwa pou li prezante ak yon avoka; tribal pa kapab ba li yon avoka. Si akize pa konparèt nan odyans lan sa kapab lakòz tribal la pran yon FRO kont akize a.

Akize a dwe konnen ke vyolasyon nенpòt nan kondisyon ki enimere nan TRO a kapab konsidere kòm yon dezobeyisans sivil oswa kriminèl e sa kapab abouti nan yon arrestasyon, pouswit lajistis, ak posibilite pou yo mete l nan prizon. Li enpòtan pou akize a respekte kondisyon lòd tribal la yo.

Si akize a swete fè apèl TRO a, li kapab depoze yon Demann pou Apèl ak Lòd nan konte kote tribal la te rann TRO a. [Application for Appeal and Order \(njcourts.gov\)](#)

Gade nan depliyan “Final Restraining Order Process” (CN 12970) la pou plis enfòmasyon.